

# MaineCare Pou Imigran

## Kisa MaineCare ye?

MaineCare se yon pwogram ki ede moun ki pa fè anpil lajan peye pou swen sante, tankou randevou dokte e renmed.

## Eske mwen ka resevwa MaineCare?

**Gwoup ki ka kouvri anba MaineCare:** (1) timoun; (2) paran yo; (3) moun ki gen 19-20 ane; (4) fanm gwo vant; (5) granmoun ki andikape; (6) granmoun ki gen 65 ane oubyen plis; epi (7) granmoun ki gen laj 21-64 ki pa gen timoun lakay avek yo (gen yon lis tann pou gwoup sa-a).

### **Kèk gwoup imigran legal ta ka jwenn tout benefis MaineCare.**

Moun avek estati refijye oubyen azil ka jwenn tout benefis MaineCare.

### **Menm si ou isit legalman, li ta ka posib ou pap jwenn tout benefis MaineCare, si:**

1. Si ou se yon Rezidan Pèmanan (LPR), ki poko gen 5 ane avek estati sa-a (e ou pa yon refijye oubyen yon moun ki akòde azil);
2. Si ou te fè aplikasyon pou estati e w toujou tann desizyon;
3. Si ou te aplike pou estati azil oubyen yon lòt chanjman nan estati imigran ou avek imigrasyon e w'ap tann desizyon; oubyen
4. Ou gen yon lòt estati ki mwens konmen.

**Si ou gwo vant OUBYEN gen mwens ki 21 ane, e ou nan peyi-a legalman, ou ka resevwa tout benefis MaineCare.**

Menm si ou se ladan yon nan gwoup sayo e ou pa ka jwenn tout benefis MaineCare, ou ka toujou jwenn MaineCare Ijans.

## Kisa MaineCare Ijans ye?

MaineCare Ijans ap sèlman peye pou sèvis medikal ki bezwen fèt pou **estabilize** yon pwoblem medikal serye. MaineCare Ijans ap peye pou akouchman.

Si ou se nan yon nan gwoup ki liste anle ou ka genyen yon kat MaineCare ki **peye selman pou MaineCare Ijans**. Si ou gen kesyon de kisa kat ou ap kouvrye ou met rele: Sevis Manm MaineCare nan nimewo **1-800-977-6740**.

**Si ou pa gen papyè ou ka resevwa MaineCare Ijans pou ede ou peye pou ijans medikal.**

<b>Pou kesyon kontakte:</b>	
<b>Maine Equal Justice Partners (MEJP)</b>	<b>Immigration Legal Advocacy Program</b>
207-626-7058 <b>oubyen</b> gratis 1-866-626-7059 <a href="http://www.mejp.org">www.mejp.org</a>	207-780-1593 <b>oubyen</b> gratis 1-800-497-8505 <a href="http://www.ilapmaine.org">www.ilapmaine.org</a>